


# KOMINVIYON

RAPÒ ENPAK 2025 LIDÈCHIP KOLEKTIF MAVEN NAN



CHAPIT 1. ESÈ 1

Lèt R la Difisil  
Lanmò Rigè

---

**Corey Davis** (li|yo)

Fondatè e Direktè Kreyatif |  
Maven Lidèchip Kolektif

---

**maven.**  
Maven Leadership Collective

**The Hard R: Lanmò Rigè**  
**Corey Davis**  
**KOMINYON 2025 Rapò Enpak Maven**  
**Chapit 1 | Esè 1**

Corey Davis (00:00):

Mwen panse ke kritik se yon bon fason pou retounen ak rigè. Mwen panse nou ta dwe pran abitud poze moun kesyon tankou : “Kijan w fè konn sa ? Ki prèv ou genyen ? Kijan w te prepare pou sa ?” Rigè se mwayen pou n konnen sa nou dwe konnen. Li reponn kesyon sou : kijan n fè kon sa ? Se prèv konklizyon nou rive jwenn yo. Se estanda ekspètiz nou. Se fason pou nou kapab asire responsabilite. Rigè disparèt paske nou pito chwazi konvenyans olye de sibstans. Nou wè relasyon nou yo, relasyon entèpèsònèl nou yo, relasyon nou nan travay, ap atwofye. E sa te gen yon efè ki paralize kapasite n pou nou reyini kòm yon kominote epi pou n fè yon pi gwo enpak sosyal. Gen yon nivo atant moun ta dwe kapab genyen de nou, ke nou kenbe pawòl nou, ke travay n ap fè a chita sou prèv oswa sipò nou bay la, li vini nan yon fason ki totalman angaje epi nou pare pou fè travay ki nesèsè pou nou ka ansanm epi pou nou bati kominote ki jis.

Corey Davis (01:19):

E mwen vrèman kwè nou ka mete de limit lè nou di: “Mwen sèlman dispoze pou m angaje m nan bagay ki gen sibstans. Mwen sèlman dispoze patisipe nan inisyativ ki vo tan m ak efò m. E si bagay yo twò anbarasan oswa nou pa vle parèt kòm moun k ap eseye, alòs, vrèman, sa pa yon bagay mwen vle patisipe ladan l.” N ap konstwi de ekosistèm sipò, e sa vle di epi mande pou chak moun, chak enstitisyon, chak eleman nan ekosistèm sa a gen yon wòl pou jwe, e sa mande efò si nou vle rive kreye mond nou vrèman vle wè a. Nou wè sa nan validasyon chèchè nan University of Miami te bay pou pwogram devlopman lidèchip nou an, oswa bò kote pwofesyonèl medikal ki te verifye inisyativ byennèt nou yo nan kòmansman egzistans nou ak operasyon nou. E kounye a nou wè sa nan fason nou ede òganizasyon enpak sosyal yo atravè peyi a, sou teren an.

Corey Davis (02:27):

E nou entegre sa n ap aprann sou teren an nan eksperyans aprantisaj an pwofondè nou yo, pou apwòch nou yo ka toujou renouvle epi pou bezwen kominote a ka toujou pwen santral nan desizyon n ap pran sou fason nou mobilize resous, fason nou ofri pwogram anrichisman, ak fason nou kolabore ak moun ki nan ekosistèm nou an.